



**ASESMEN MADRASAH
MADRASAH IBTIDAIYAH ISLAMIYAH KEDUNGJAMBU
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Rabu, 08 Mei 2024
Waktu	: 10.00 – 12.00

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal!
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Asesmen Madrasah (LJAM)!
3. Isikan jawaban soal ke dalam LJAM sesuai petunjuk LJAM!
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan 40 soal.
5. Jumlah soal sebanyak 40 soal terdiri dari 30 soal Pilihan Ganda, 5 soal Pilihan Ganda Kompleks, dan 5 soal Benar Salah.
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya!
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap!
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian!






PILIHAN GANDA (untuk soal nomor 1 sampai dengan 30)


Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan memilih huruf A, B, C, atau D pada pertanyaan berikut!

1. Teks kang ngandharake kadadean sabenere diarani teks
 - A. fiksi
 - B. persuasif
 - C. informasi
 - D. narasi
2. Dadi manungsa kudu sing welas asih, aja duweni sifat
 - A. asih tresna
 - B. angkara murka
 - C. andhap asor
 - D. sopan santun
3. Mas, tulung tukokna gula sekilo ing warung!
Ukara ing dhuwur kalebu ukara
 - A. pakon
 - B. pitakon
 - C. tanduk
 - D. tanggap
4. Kula sampun tindak kalawau jam tiga sonten.
Ukara ing dhuwur iku luput/salah manut unggah ungguh. Tembung tindak benere
 - A. lunga
 - B. pamit
 - C. kesah
 - D. dugi
5. Cangkriman : Pitik telu kalong loro, matane pira?
Batangane : sepuluh
Tuladha ing dhuwur kalebu cangkriman
 - A. wacahan
 - B. pepindhan
 - C. plesetan
 - D. sinawung tembang
6. Alfina nggarap PR ing omahe Adnan.
Kang kadhapuk dadi lesan ana ukara ing dhuwur yaiku
 - A. Alfina
 - B. nggarap
 - C. PR
 - D. ing omahe Adnan
7. *Herbalis diramu saka gegodhongan sing akeh kasiate. Diolah kanthi cara modern lan bisa ngobati akehing penyakit kaya sirah mumet, weteng mules, keju linu. Herbalis bisa dipesen liwat online kanthi rega Rp500.000,00.*
Teks iki kalebu
 - A. iklan
 - B. pawarta Koran





- C. deskripsi
D. artikel
8. **Pariwara** : Para warga Dusun Bulaksawah, suk dina Minggu tanggal 20 September 2024 kabeh kumpul ing bale dhusun kanggo nonton pentas seni remaja dhusun. Sing sapa ora nonton bakal getun! Saka pariwara kasebut bisa entuk informasi
- A. warga dhusun Bulaksawah
B. Dina Minggu tanggal 20 September 2019
C. ing bale dhusun bakal ana pentas seni
D. sing nonton bakal getun
9. “*Guna kaya purun ingkang den antebi*”
Guru lagu lan guru wilangan cuplikan tembang macapat ing dhuwur yaiku
- A. 9u
B. 10o
C. 11a
D. 12i
10. Ana paribasan “*asu rebutan balung*” tegese
- A. wong tuwa njaluk warah wong enom
B. wes kepenak tambah oleh penak
C. rebutan barang kang sepele
D. tiwas ditenani jebul ora sida
11. *Dikethok nanging malah tambah dhuwur*, batangane cangkriman yaiku
- A. gajah
B. sabuk
C. kathok
D. genteng
12. “*Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang mboten mranani penggalih, kula nyuwun pangapunten.*”
Ukara ing dhuwur iku kalebu perangan ... pidhato.
- A. pambuka
B. isi
C. panutup
D. dudutan
13. Amrih pidhatone runtut, sadurunge pidhato gawe
- A. dudutan
B. persiapan
C. aturan
D. cengkorongan
14. Ing ngisor iki titikane cangkriman, kajaba
- A. ora kudu dibatang
B. duweni sifat bedhek-bedhekan
C. nganggo basa kiasan utawa tembung entar
D. kadhang kala nganggo basa tradisional
15. Gajah nguntal sangkrah, kalebu cangkriman
- A. pepindhan
B. bedhek-bedhekan





- C. awujud ing tembang
D. wacahan
16. Perangane pidhato kang ngandharake pangarep-arep yaiku
A. atur pakurmatan
B. apa kang dikarepake dening pamedhar sabda
C. wigatine saka pidhato kang diandharake
D. atur panuwun lan pangapura
17. Pidhato uga diarani
A. pamedhar sabda
B. sesorah
C. pranatacara
D. pawarta
18. Pitik walik saba kebon, batangane
A. nanas
B. salak
C. sulak
D. tudung saji
19. Mbah Rumi adol es lan jajanan ing sekolahan.
Kang kadhapuk dadi wasesa ing ukara dhuwur yaiku
A. Mbah Rumi
B. adol
C. es lan jajanan
D. ing sekolahan
20. Pak Ahmad wis weruh yen putrane mulih saka Surabaya.
Tembung weruh iku benere
A. ngerti
B. ngertos
C. pirsaa
D. miring
21. Ora mudhun-mudhun yen durung nggawa mrica sakanthong. Cangkringan iki batangane
A. semangka
B. bligo
C. klapa
D. kates
22. Mau isuk aku wis sarapan roti karo susu.
Saka ukara ing dhuwur kang kadhapuk lesan yaiku
A. mau isuk
B. aku
C. sarapan
D. roti karo susu
23. *Sigra mabur ing ngawiyat nyamut-nyamut.*
Guru lagu lan guru wilangan tembang ing dhuwur yaiku
A. 12a
B. 11u
C. 12u
D. 11i





24. *Keplok ora tombok, tegese paribasan yaiku*
A. gelem melu seneng nanging emoh melu ragat
B. tumindak ala kanthi kongkonan wong liya
C. katone nulung nanging malah nyusahke
D. wong sing akeh omonge nanging ora ana nyatane
25. *Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung, dawa kaya ula,
Pencokanmu wesi miring, sing disaba pocung mungi turut kutha
Tembung pocung iku mau bedhekane*
A. penthol korek
B. ali-ali
C. dom bolah
D. sepur
26. *Dhumateng Bapak Kepala Madrasah ingkang kula hormati
Dhumateng bapak ibu guru ingkang minulya
Lan dhumateng rencang-rencang ingkang kula tresnani
Ukara ing dhuwur kalebu perangane pidhato*
A. pambuka
B. pakurmatan
C. tetepungan
D. puji syukur
27. *Yuda seneng open-open kebo, sapi, wedhus. Kebo, sapi, wedhus iku kalebu jenise*
A. rajabrana
B. rajakaya
C. rajasa
D. rajabaya
28. *Atur syukur lan atur pakurmatan iku kalebu*
A. isi utawa surasa
B. pambuka
C. panutup
D. salam panutup
29. *Kanggo siswa kelas 6 sesuk dina Kamis, 20 Janurai 2024 supaya nggawa akta kelahiran kanggo
nyocokake data peserta ujian
Ukara ing dhuwur iku diarani teks*
A. deskripsi
B. pengumuman
C. iklan
D. artikel
30. *Kewan apa sing duweni sandangan?*
A. cecak
B. baya
C. jaran
D. onta





PILIHAN GANDA KOMPLEKS (untuk soal nomor 26 sampai dengan 30)

Pilihlah 2 (dua) jawaban yang kamu anggap benar pada pertanyaan berikut!

31. Dadi bocah iku kudu duwe sopan ..., aja seneng tukar ... yen kepingin duwe kanca sing akeh.
- A. santun
 - B. krama
 - C. padu
 - D. tata
32. Ukara ing ngisor iki sing dhapukane J-W-L-K yaiku
- A. Revan nganggo klambi abang
 - B. Roihan mulih saka sekolah jam 11.00
 - C. Fika ngumbah sepatu ing sumur
 - D. Nadya sinau basa jawa isuk mau
33. *Diresmekake dadi warisan budaya khas Indonesia dhek tanggal 2 Oktober 2009, bathik saiki nduweni jeneng sing linuwih ing nusantara. Ora mung diminati saka tiyang sepuh, batik uga saiki dadi salah siji trend kanggo cah enom. Luwih-luwih kanthi perkembangan model klambi batik sing saya trendi lan melu model fashion anyar, kajaba junjung aji budhaya kanthi nganggo batik uga ora kalah fashionable.*
- Ukara kang ana paragraph ing dhuwur yaiku
- A. Batik diresmekne dadi warisan budaya khas Indonesia dhek tanggal 12 Oktober 2019
 - B. Ora mung diminati tiyang sepuh, batik uga dadi salah siji trend kanggo cah enom
 - C. Kajaba junjung aji budhaya kanthi nganggo batik uga ora kalah fashionable
 - D. Model trend batik mung diminati dening tiyang sepuh
34. Ing ngisor iki sing kalebu tuladhane pidhato ora resmi yaiku
- A. pidhato presiden
 - B. pidhato kenegaraan
 - C. pidhato ing sekolahan
 - D. pidhato manten
35. Kang kalebu fungsine cangkriman ing ngisor iki, yaiku
- A. sarana pertunjukan
 - B. sarana pagelaran
 - C. sarana hiburan
 - D. sarana Pendidikan





BENAR SALAH (untuk soal nomor 36 sampai dengan 40)

Berikan tanda Centang (✓) pada kolom *BENAR* jika jawaban benar, dan pada kolom *SALAH* jika jawaban salah!

36. Gatekna tembang macapat ing ngisor iki!

Pocung

Marang liyan kudune sing guyub rukun,
Urip sesandhingan,
Senadyan beda agami,
Nyembadani mring katentremaning praja

Rembugen isine tembang macapat ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. tembang macapat ing dhuwur kedadean saka 5 gatra		
b. guru lagu lan guru wilangan tembang ing dhuwur : 12-u, 6-a, 8-I, 12-a		

37. Gatekna paugerane tembang macapat ing ngisor iki, wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. cacahing larik saben sagatra iku diarani guru gatra		
b. guru lagu yaiku aksara swara (urip/vocal) ing saben pungkasaning gatra/larik		

38. Gatekna ukara-ukara kang nganggo paribasan, bebasan, lan saloka. Centangen kolom B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. akeh wong sing kesusahan amarga ketaman bencana, bebasane udan tangis.		
b. wong tuwa njaluk warah marang anake iku salokane kebo kabotan sungu		

39. Gatekna ciri-cirine cangkriman ing ngisor iki banjur wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. Tembunge dawa-dawa		
b. Unen-unen kang kudu dibatang/dibedhek		

40. Cangkriman iku cacahé ana papat yaiku arupa tembang, wacahan, pepindhan, lan plesetan. Jenise cangkriman ing ngisor iki yen bener wenehana tandha huruf B, yen salah S!

Pernyataan	Benar	Salah
a. “pitik walik saba kebon” kalebu cangkriman tembang		
b. “pakbo letus” kalebu cangkriman wacahan		

